

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Urang Sunda mangrupa salah sahiji sélér bangsa di Indonesia anu ngahasilkeun rupa-rupa jenis kabudayaan. Kabudayaan Sunda téh mangrupa kabudayaan anu dipimilik ku masarakat Sunda, ku kituna kabudayaan téh mangrupikeun hasil karya manusa anu ngalaman prosés adaptasi anu tuluy tumuluy dina waktu anu kacida lilana. Kabudayaan ngawengku sakabéh hal anu dipimilik ku masarakat. Kabudayaan mangrupa sawangan hirup sakelompok masarakat dina wangun paripolah, kapercayaan, ajén, jeung simbul-simbul anu ditarima ku cara heunteu sadar anu diwariskeun ngaliwatan prosés komunikasi jeung titiron ti hiji generasi ka generasi saterusna (Liliweri, dina Yohana, 2015).

Mekarna budaya Sunda dina kahirupan teu leupas tina faktor anu mangaruhanana, salah sahijina nyaéta minat jeung kahayang masarakat kana kasenian. Kasenian mangrupa salah sahiji wujud tina *mekanisme* kabudayaan anu aya dina kahirupan manusa anu dipaké dina ngatur paripolah, tata hubungan, sarta sarana pikeun mintonkeun kreatifitasna.

Basa dina karya sastra dipaké alat pikeun ngahontal ajén-ajén éstétis atawa ajén kaéndahan seni. Dina karya sastra dina ngahontal ajén-ajén éstétis bisa ngagunakeun purwakanti, gaya basa, pakeman basa, jsb. Dina karya sastra nu disebut basa mah ngan saukur alat utama, ku kituna aya hal séjen anu nglantarankeun kumaha alat éta dipaké, sédéngeun anu mangrupa enas-enasna dinakarya sastra nyaéta eusina. Antara “alat” jeung “eusi” téh gumulung ngawujudkeun ajén-ajén éstétis karya sastra.

Iskandarwassid (2010, kc 135) ngabagi wangun karya sastra jadi tilu bagian, nyaéta (1) wangun lancar (prosa), (2) wangun ugeran (puisi), (3) wangun paguneman (drama). Dumasar kana warnana, karya sastra anu kaasup wangun lancar (prosa) nyaéta dongéng, carita pondok, roman, jeung novel. Anu kaasup wangun ugeran (puisi) nyaéta mantra, kakawihan, sisindiran, sair, pupuh, guguritan, jeung carita pantun. Sedengkeun anu kaasup wangun paguneman (drama) nyaéta sandiwara, opera, jeung gending karesmén. Ku kituna dongéng téh kaasup kana golongan karya sastra dina wangun lancar (prosa).

Dongéng mangrupa carita anu pamohalan kajadian, sabab dina dongéng sok kapanggih aya sasatoan bisa ngomong atawa jelema bisa ngaleungit. Biasana dongéng ngamangpaatkeun mitos anu baheulana mangrupa tradisi jeung adat tali-paranti urang Sunda. Ku kituna dongéng loba nyaritakeun hal-hal anu teu asup akal sarta dongéng mah teu kapaluruh saha anu ngarangna (anonim). Ku sabab kitu dongéng kaasup kana carita rakyat, nyaéta carita anu jadi milik balaréa, tumuwuh jeung sumebar di masarakat.

Dina kahirupan urang Sunda kasohor dongéng anu judulna Si Kabayan. Kabayan dina dongéng mangrupa tokoh imajinatif urang sunda, kalakuan si Kabayan anu dianggap lugu, bodo, polos, jeung pikaseurieun tapi ngabogaan sipat pinter anu nyamuni. Dongéng-dongéng Si Kabayan dimasarakat sunda mimitina sumebar sacara lisan ti abad 19 nepi ka ayeuna. Dina carita Si Kabayan ngagambarkeun kumaha karirupan sapopoé urang Sunda anu terus mekar luyu jeung kamekaran zaman.

Dina karangan ngeunaan kakayaan batin urang Sunda meuang Utuy T. Sontani miboga pamadegan yén dongéng-dongéng Si Kabayan mangrupa manifestasi jiwa urang Sunda anu cageur jeung bageur (Rosidi, 2009 kc 32).

Numutkeun Sumardjo (2014, kc 17) yén Si Kabayan tina aspék primordialisme urang Sunda “Si Kabayan miboga watek paradox, pinter, sakaligus bodo. Manéhna pinter lamun kapentingan manehanana sorangan

kaganggu, tapi manéhna bodo nalika keur dikawasa ku hawa nafsuna. Hal ieu téh nunjukeun yén kawajaran urang Sunda dina nyeungseurikeun dirina sorangan, kahéngkéran diri, jeung kahéngkéran manusa umumna.”

Panalungtikan kana dongéng kawilang penting pikeun maluruh rélevansi jeung kanyataan anu hirup dimasyarakat. Pamarekan struktural jeung ajén étnopedagogik mangrupa salah sahiji cara pikeun mikanyaho eusi dongéng. Ajén étnipedagogik mangrupa salah sahiji cara anu bisa dijadikeun patoka-patokan dina kahirupan. Komo deui dongéng mangrupa salasahiji materi pangajaran di sakola sabab pangajaran basa Sunda téh ngawengku opat kaparigelan basa nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis.

Dongéng mangrupa salasahiji materi dina pangajaran basa Sunda anu kaasup penting jeung aya dina kurikulum pangajaran basa Sunda. Kalungguhan pangajaran dongéng dina kurikulum basa Sunda mangrupa salah sahiji matéri anu kudu ditepikeun luyu jeung KIKD (Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar) pikeun pangajaran basa Sunda.

Alwasilah (2006, kc 28) nétélakeun yén pangajaran aprésiasi sastra kudu bisa ngahudang kasadaran jeung bisa ngawanohkeun ajén-ajén kaémdahan tina karya sastra. Dumasar kana hal éta, pangajaran sastra kudu bisa ngahudang subjektivitas siswa anu teu ngan saukur ngautamakeun tiori-tiori anu dumasar kana kurikulum. Pangajaran apresiasi sastra Sunda, hususna dina pangajaran dongéng kudu bisa mere pangalaman apresiasi sastra ku jalan ngahudangkeun pangaresep siswa anu satulunya boga kaparigelan pikeun nganalisis dongéng jeung bisa manggihan ajén-ajén moral anu ditepikeun ngaliwatan éta dongéng pikeun kahirupan sapopoé.

Dumasar kana pedaran diluhur, ieu panalungtikan téh bakal ngaguar ngeunaan struktur dongéng-dongéng Si Kabayan. Salian ti éta panalungtik ogé baris maluruh ajén-ajén atikan disawang tina pamarekan étnopédagogik kana dongéng-dongéng Si Kabayan. Hasil tina ieu panalungtikan baris dijadikeun bahan

pangajaran maca dongéng di SMA. Ku kituna, panalungtik ngajudulan ieu panalungtikan “Dongéng Si Kabayan karangan M.O Koesman pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA (Ulukan Struktural jeung Étnopédagogik)

Panalungtikan anu ngaguar ngeunaan dongéng téh nyaéta judulna “Dongéng-Dongéng Sasakala dina Manglé Taun 2014 pikeun Bahan Pangajaran Maca Dongéng di SMP (Ulukan Struktural jeung Étnopedagogik) dilaksanakeun ku Asri Julaeha. Panalungtikan sejenna nyaéta dilaksanakeun ku Budi Setia Budiman anu ngaguar ngeunaan “Dongéng Si Kabayan dina Kahirupan Masarakat Sunda (Tilikan Watek jeung Ajén Falsafah Hirup). Panalungtikan liana ngeunaan dongéng nyaéta judulna “Ajén-Ajén Étnopedagogi dina Dongéng di Kota Tasikmlaya” (ulikan Struktural jeung Hermeneutik) anu dilaksanakeun ku Wiwin Widaniawati. Aya ogé panalungtikan anu dilaksanakeun ku Ratna Shinta Sukowati Suwarno anu judulna Ajén Budaya dina Dongéng-Dongéng anu aya di Kabupatén Cianjur pikeun Mekarkeun Atikan Karakter. Tina sababaraha panalungtikan anu jadi rujukan ngeunaan struktur, ajén étnopedagogik, jeung dijadikeun bahan pangajaran tapi teu acan aya numatalikeun dongéng-dongéng Si Kabayan kana bahan pangajaran disakola. Ku sabab kitu ieu panalungtikan langkung lengkep ti panalungtikan nu tos aya. Dina ieu panalungtikan ngaguar struktur jeung ajén étnopedagogik anu jadi bahan pangajaran maca disakola jeung bakal mere pangaruh positip pikeun siswa, guru, masarakat, kitu ogé panalungtik.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watésan masalah di luhur, urang bisa nyimpulkeun yén dongéng-dongéng Si Kabayan nu jadi udagan dina ieu panalungtikan di analisis ngaliwatan ulikan struktur jeung étnopedagogik, anu satuluyna dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca di SMA. Ku kituna masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah patalékan ieu dihandap :

Faryono, 2017

DONGENG SI KABAYAN KARANGAN M.O.KOESMAN

PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DONGENG DI SMA

universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 1) Kumaha struktur (téma, fakta, sarana sastra) dina dongéng-dongéng Si Kabayan karangan M.O Koesman?
- 2) Nilai-nilai moralnaon waé anu aya dina dongéng-dongéng Si Kabayan karangan M.O Koesman ditilik tina étnopedagogik?
- 3) Dongéng-dongéng Si Kabayan karangan M.O Koesman nu mana baé nu bisa dijadikeun bahan pangajaran maca dongéng di SMA ditilik tina struktural jeung étnopedagogik?
- 4) Kumaha bahan pangajaran maca dongéng di SMA ditilik tina fakta, konsep, prinsip, prosedur?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta maluruh dongéng-dongéng Si Kabayan sarta kumaha waé struktur-struktur dongéngna jeung mikanyaho ajén-ajén étnopedagogik anu aya dina dongéng-dongéng Si Kabayan.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan ieu panalungtikan, nyaéta pikeun ngadeskripsikeun:

- 1) Struktur (téma, fakta, jeung sarana sastra) dina dongéng-dongéng Si Kabayan karangan M.O Koesman.
- 2) Ajén étnopedagogik anu aya dina dongéng-dongéng Si Kabayan karangan M.O Koesman.
- 3) Dongéng-dongéng Si Kabayan karangan M.O Koesman nu bisa dijadikeun bahan pangajaran maca dongéng di SMA ditilik tina struktural jeung étnopedagogik.
- 4) Bahan pangajaran maca dongéng di SMA ditilik tina fakta, konsep, prinsip, prosedur

1.4 Manfaat Panalungtikan

1.4.1 Manfaat Tioritis

Manfaat tioritis tina ieu panalungtikan nyaéta nambahan pangaweruh ngeunaan struktur jeung ajén étnopedagogik dina dongéng salaku kaaripan lokal anu kudu dimumulé.

1.4.2 Manfaat Praktis

Panalungtikan ieu miboga manfaat praktis anu bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh dina pangajaran maca, diantarana :

1) Pikeun Guru

Hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun répérénsi dina rencana pangajaran sastra, hususna dina analisis struktur jeung ajén étnopedagogik dina karya sastra jenis dongéng.

2) Pikeun Siswa

Pikeun ngalaman ngeuyeuban élmu pangaweruh dina maham jeung ajén atikan dina karya sastra utamana dina matéri dongéng.

3) Pikeun Masarakat

Masarakat, hasil panalungtikan bisa jadi dokumén sarta sumber rujukan pikeun panalungtik satuluyna.

4) Pikeun Panalungtik

Pikeun nambahan pangaweruh jeung pangalaman nalungtik karya sastra.

1.5 Raraga Tulisan

a. Bab I Bubuka

Faryono, 2017

DONGENG SI KABAYAN KARANGAN M.O.KOESMAN

PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DONGENG DI SMA

universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Medar hal anu aya patalina jeung kasang tukang masalah, rumusan masalah, jeung tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

b. Bab II Ulikan Tiori

Ngawengku tiori-tiori anu aya patalina jeung dongéng, struktural, étnopedagogik jeung bahan pangajaran.

c. Bab III Metodologi Panalungtikan

ngawéngku métode panalungtikan, tehnik nganalisis data, setting panalugtikan, jeung prosedur panalungtikan.

d. Bab IV Hasil Panalungtikan.

Medar ngeunaan hasil analisis dongéng-dongéng Si Kabayan karangan M.O Koesman dina ulikan struktural jeung étnopedagogik, salian ti éta kumaha luyu heunteuna dongéng-dongéng Si Kabayan dijadikeun alternatif bahan ajar maca di SMA.

e. Bab V Kacindekan jeung Saran

Ngawengku kacindekan jeung saran kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun.